



## MEN DIS PI GWO KONSÈY SOU ZAFÈ DOUKO PENTIRE AK REPARASYON MACHIN OTOMOBIL

### 1. Kijan mwen kapab chèche konnen kilès nan garaj yo ki douko machin pi byen osinon kilès nan yo ki pi kalifye pou fè reparasyon nan machin mwen?

Broward Konti kòd genyen yon règleman ki egzije pou tout garaj ki douko osinon tout garaj ki fè reparasyon nan otomobil pou yo posede yon lisans ki soti nan Divizyon Zafè Kliyan pou Broward Konti. Lisans sa a fèt pou yo mete l yon kote ki fasil pou tout moun kapab wè l. Sa vle di, chak garaj ki gen lisans sa yo sipoze genyen yon teknisyen ki sètifye nan ASE pou zafè douko machin. Garaj yo dwe genyen asirans ak tout ekipman ki nesèsè pou kalite travay sa a. Oumenm ki se yon kliyan, lè ou ale nan yon garaj, se pou mande pou gade tout andedan garaj la pou kapab wè si yo byen òganize ak si yo pwòp. Voye je w sou twavay y ap fè epi sou machin otomobil ki fin repare deja. Mande referans, tankou non kèk moun yo bay sèvis deja. Si ou ta genyen nenpòt kesyon, tanpi rele Depatman Zafè Kliyan nan nimewo sa a: 954-357-5350.

### 2. Eske tout travay reparasyon yo genyen garanti?

Se pou kapab mande epitou resevwa yon garanti ki **ekri** sou papye. Gade pou wè si garanti yo ba w la avi, oubyen si garanti a limite pou sèlman yon tan detèminen. Gade si garanti a pa gen restriksyon. Fè atansyon lè w ap li papye yo, pou kapab byen konprann si garanti a se pou pyès machin nan sèlman, pou mendèv ou materyèl, oubyen pou tout sa ki sot site la yo. Fè anpil atansyon pou kapab kenbe tout papye asirans ak gawanti w yo an sekirite. Li enpòtan anpil pou pa janm jete kopi dokiman w.

### 3. Konbyen tan li kapab pran pou douko ak repare kò machin mwen?

Gen anpil faktè ki detèminen konbyen tan yo kapab pran pou yo douko ak repare kò machin ou. Sa depann de lòt travay ki te deja la ap tann, kalite reparasyon an, disponiblite pyès ak materyèl, domaj ki pa vizib, negosyasyon ak asirans lan, epitou, toutotan yo pako resevwa chèk asirans lan, garaj la pa p manyen machin lan.

### 4. Poukisa twavay douko yo koute ant \$129.95 rive jiska \$2,995.00?

Pri yon travay douko depann de tan ak materyèl yo itilize pou fè travay la. Gen yon travay douko ki kapab pran katrèdtan ak materyèl ki koute sèlman \$60.00. Tankou tou gen yon lòt travay ki mande anpil tan ak anpil materyèl tankou: retire tout dekorasyon sou machin nan, pwòpte ak sable kò machin nan pou retire pati ki okside ak fè ki tòde, epi tout pase men sou tout kote ki grave ak kraze. Sa konn mande anpil anpil travay. Douko yon machin pa nesèsèman vle di pou yo repare kò machin lan ou drese yon pòt ki kraze ba ou. Gawanti w ap jwenn nan douko yon machin ap depann sou kalite penti ou chwazi pou travay la kapab fèt.

### 5. Eske konpayi asirans mwen an genyen devwa pou li pwoteje m kont move kalite travay nan reparasyon otomobil la?

Sa depann de ki konpayi asiwans ou sèvi. Chak konpayi asirans gen polisy pa yo epi tou sèvis yo varye. Sepandan, se responsablite pa ou, antan yon kliyan, pou chwazi yon bon shòp epi enspekte travay y ap ba ou a.

**6. A. Eske mwen oblije ale nan yon garaj konpayi asirans mwen rekòmande m?**

Non ou pa oblije. Sèlman genyen kèk konpayi asirans ki oblije kliyan yo ale nan garaj yo vle. Men pifò asirans yo pèmèt moun chwazi garaj yo vle a. Ou fèt pou chwazi garaj ki fè w plezi.

**B. Kisa mwen dwe fè anvan garaj la kòmanse travay sou machin mwen?**

Ou gen dwa pou yo ba ou yon estimasyon ekri pou nenpòt travay ki depase \$100.00. Mande garaj la pou l ba ou yon estimasyon byen detaye ki bay pri tout sa ki genyen pou fèt, epitou asire w ke konpayi asirans la te aprouve dyòb la. Mande garaj ki pati nan travay la konpayi asirans lan aksepte peye ou derefize peye, e kijan sa pral afekte kalite travay y ap ba ou a.

**7. Eske konpayi asirans la oblije peye kantite lajan garaj la mete nan estimasyon an?**

Konpayi asirans lan ap peye pri li abitye peye pou tout travay parèy ki te fèt nan area a. Anpitou, konpayi asirans lan pap peye si pri travay la ekzajere. Mèzalò, pifò garaj ak konpayi asirans yo toujou jwenn mwayen antann yo sou yon pri. Gen nan konpayi asirans yo ki pap peye yon penich anplis sa yo dwe peye pou zòn lan.

**8. Si machin nan genyen plis domaj andedan pase jan yo te mete nan estimasyon pri pou twavay la, kisa mwen dwe fè?**

Garaj la dwe prepare yon estimasyon ki eksplike rezon ki fè travay la koute plis lajan an, apre sa, konpayi asirans lan gen pou li apwouve estimasyon sa a anvan yo kapab peye. Poutèt sa, piga ou janm dakò pou yon garaj fè travay anplis nan machin ou san otorizasyon konpayi asirans lan. Si se oumenm ki vle peye travay anplis la ak lajan pa ou, toujou mande yon estimasyon ekri ki montre tout travay ki dwe fèt nan machin nan anvan menm ou dakò pou yo kòmanse.

**9. Eske mwen kapab fè aranjman ak garaj la yon fason pou mwen pa peye lajan dediksyon mwen dwe peye anvan konpayi asirans lan kòmanse fè depans pou mwen?**

Nenpòt moun ki prezante yon move rapò sou aksidan machin bay yon konpayi asirans komèt yon vyolasyon; yo klase sa kòm yon krim. Lè ou kenbe rès lajan ki rete anplis pase sa asirans lan bay la, yo kapab konsidere sa tou yon vyolasyon; kidonk, yon krim. Konpayi asirans yo kapab kontwòle depans sa yo sèlman lè yo peye valè lajan ki nesèsè dapre yon estimasyon.

**10. Kisa mwen kapab fè si mwen pa satisfè ak yon reparasyon?**

Toudabò, chèche satisfaksyon nan men mèt garaj la. Ekri non tout moun ou te pale ak yo, lè ou te pale ak yo, e kisa ki te di. Toujou kenbe kopi nenpòt kontra ou siyen, nenpòt kòmand pou yon twavay, ak tout resi chèk ki retounen vin jwenn ou. Si ou pa jwenn satisfaksyon lè sa a, ou mèt rele Divizyon Pou Zafè Kliyan Nan Broward ou Depatman Sèvis Kliyantèl nan Flowid ki nan nimewo sa a: (1-800) 435-7352. Ou kapab toujou chèche wè yon avoka ki pou konseye w sou pwoblèm sa.